

ABSTRAK

Lantaran beratna persaingan usaha dina industri pangan jeung minuman saperti warung kopi. Hal ieu disababkeun ku rupa-rupa hal, salah sahijina nyaeta kahoyong pasar anu terus robah ti waktu ka waktu. Nu meuli sok resep kana hal-hal anyar anu jadi sorotan jalma rea. Hal ieu ngajadikeun warung kopi kudu saperti ku cara ngalakukeun inovasi sangkan bisa bersaing jeung warung kopi sejenna, saperti ku cara ngainovasi variasi produk. Tujuan tina ieu panalitian nyaeta pikeun mikanyaho pangaruh variasi produk cookie cup kana kaputusan meuli. Subjek dina ieu panalitian nya eta konsumen Monday Coffee anu hayang jeung nu pernah nyobaan variasi produk cookie cup. Ieu panalitian ngagunakeun pamarekan kuantitatif jeung metode panalitian deskriptif. Tehnik pangumpulan data anu digunakeun nya eta ngaliwatan observasi, wawancara jeung nyebarkeun angket. Angket disebarkeun ka 100 responden.

Tehnik analisis data anu digunakeun nyaeta uji validitas, uji realibilitas, uji regresi linier sederhana, uji hipotesis, jeung uji koefisien determinasi. Dumasar hasil panalitian nu beres dilakukeun variasi produk jeung kaputusan meuli anu ngagunakeun uji koefisien determinasi nunjukeun bahwa nilai koefisien determinasi X ka Y sabesar 55,8% pangaruhna, sedangkan sisana sabesar 44,2% anu pangaruh atau kontribusi ti variabel eksternal nu teu ditaliti ti variabel internal panalitian. Sapertos lokasi, citra merek anu tiasa ngapengaruhan kaputusan meuli.

Aya halangan anu disanghareupan ku Monday Coffee. Luhurna harga Cookie Cup nu dijual di Monday Coffee dibandingkeun jeung warung kopi/coffee shop nu sanesna. Dina penampilan produk anu dijual di Monday Coffee ngan katingali pikaresepeun upami aya acara atanapi perayaan liburan anu tangtu.

Saran panaliti pikeun Monday Coffee nyaeta diharapkan Monday Coffee tiasa leuwih ngaronjatkeun kualitas Cookie Cup sarta nyadiakeun tempat anu nyaman sangkan konsumen ngarasa nyamang jeung bisa ngaronjatkeun penjualan usaha.

Kata Kunci : Variasi Produk, Kaputusan Meuli